

Re-ouvri Vil New York: Sa Operatè Gwo Magazen yo Bezwen Konnen

Yon fwa Vil New York (NYC) satisfè gwo etap ki pèmèt **gwo magazen yo** re-ouvri, tout sant ak galri komèsyal, ki andedan, ki gen otorizasyon pou fonksyone yo ka re-ouvri.

Pou repons sou kesyon enpòtan konsènan re-ouvèti a, tanpri li "[Reopening New York City: Frequently Asked Questions](#)" (Re-ouvèti Vil New York: Kesyon Moun Poze Souvan yo). Se pa tout kesyon yo ki pral enpòtan, men nou espere ke sa a ap ede ou aplike nouvo egzijans yo. [Paj biznis pou COVID-19](#) Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la genyen enfòmasyon ak zouti anplis pou re-ouvèti a ak pou kenbe operasyon yo pandan ijans sante piblik COVID-19 la.

Tcheke nyc.gov/health/coronavirus pou mizajou. Egzijans Vil ak Eta a yo ka chanje a mezi n ap aprann plis sou COVID-19 ak pi bon fason pou diminye transmisyon epi pwoteje moun New York yo.

Sonje kat (4) aksyon enpòtan yo pou anpeche transmisyon COVID-19:

- **Rete lakay ou si ou malad:** Rete lakay ou si ou malad sof si ou ap soti pou al pran swen medikal ki esansyèl (tankou al fè tè) oswa fè lòt komisyon ki esansyèl yo.
- **Distans fizik:** Rete nan yon distans omwen 6 pye de lòt moun yo.
- **Mete yon kouvèti pou figi:** Pwoteje moun ki bò kote ou yo. Ou ka kontajye san ou pa gen sentòm yo epi ou ka pwopaje maladi a lè ou touse, estène oswa pale. Kouvèti pou figi yo ede redwi pwopagasyon COVID-19.
- **Pratike ijyèn men pwòp:** Lave men ou souvan avèk savon ak dlo oswa itilize yon dezenfektan pou men abaz alkòl si savon ak dlo pa disponib; netwaye sifas moun touche souvan yo regilyèman; evite manyen figi ou avèk men ou san lave; epi kouvri bouch ou ak bra ou lè ou ap touse oswa etènye, pa itilize men ou.

Si ou gen anplwaye ki ka fè tout travay yo oswa yon pati nan travay yo lakay yo, anvizaje pèmèt yo fè sa paske sa pi bon fason pou pwoteje yo.

Kisa mwen dwe fè legalman pou m re-ouvri biznis mwen an?

Etap ki obligatwa anvan ou re-ouvri

- Devlope yon [Plan Sekirite](#) epi afiche li nan sit travay ou.
- Li [enstriksyon Eta New York \(NYS\)](#) yo epi afime konfòmite. Eta a egzije pou ou afime ke ou te revize ak konprann enstriksyon Eta a preskri pou endistri yo epi ke ou pral aplike yo. Ou ka ranpli fòm afimasyon an nan forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation.
- Zòn moun chita yo ak etablisman sèvis manje ki sitiye andedan zòn restorasyon yo dwe fonksyone an akò ak [Enstriksyon NYS pou sèvis manje yo](#). Restoran nan gwo magazen yo gendwa ouvri pou manje deyò, epi sèlman si yo genyen yon antre ekstèn pou piblik la.

Depatman Sante NYC a ka chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.

9.10.20